

Nimewo 40

DEKRÈ EGZEKITIF

KONTINYAYSON SISPANSYON SÈTEN DISPOZISYON LALWA

ALÒSKE, nan dat 25 out 2011, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 17 pou deklare yon ijans nan Eta a akòz katastwòf ki te genyen nan limit teritwa Konte Bronx, Kings, New York, Queens, Richmond, Nassau, Suffolk, ak nan zòn toupre yo nan Eta New York; epi

ALÒSKE, nan dat 15 septanm 2011, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 21 pou kapab fè amannman nan Dekrè Egzekitif Nimewo 17 la pou deklare yon ijans akòz katastwòf natirèl nan Eta a, apati 12 septanm 2011, nan limit teritwa lòt Konte sa yo: Albany, Broome, Chenango, Chemung, Clinton, Columbia, Delaware, Dutchess, Essex, Greene, Herkimer, Montgomery, Oneida, Orange, Otsego, Putnam, Rensselaer, Rockland, Saratoga, Schenectady, Schoharie, Sullivan, Tioga, Ulster, Warren, Washington ak Westchester; epi

ALÒSKE, Seksyon 29-a Lwa Egzekitif la otorize sispansyon, chanjman oswa modifikasyon lwa jeneral yo, lwa lokal yo, òdonans yo, lòd yo, règ yo, oswa règleman yo, oswa kèk pati ladan yo, si konfòmite avèk dispozisyon sa yo ta anpeche, jennen oswa retade aksyon ki nesesè pou siviv avèk yon ijans akòz katastwòf; epi

ALÒSKE, nan dat 15 septanm 2011, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 22 pou sispann dispozisyon lalwa pou fasilite ak abòde redrèsman enfrastrikti agrikòl ak natirèl, epi pou fasilite ak abòde bezwen lajan imedyat bitasyon lokal yo ki afekte nan ijans Eta a akòz katastwòf la; epi

ALÒSKE, Seksyon 29-a Lwa Egzekitif la prevwa pa dwe gen sispansyon ki fèt nan lwa yo pou yon peryòd tan ki depase trant (30) jou, men depi sispansyon an ka pwolonje pou yon lòd peryòd trant (30) jou sou konsiderasyon tout enfòmasyon ak sikonstans enpòtan yo; epi

ALÒSKE, nan dat 13 oktòb 2011, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 29, pami lòt bagay yo, pou kontinye sispansyon lwa selon jan Dekrè Egzekitif Nimewo 22 egzije sa jouk nan dat 13 novanm 2011; epi

ALÒSKE, nan dat 10 novanm 2011, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 32, pami lòt bagay yo, pou kontinye sispansyon lwa selon jan Dekrè Egzekitif Nimewo 22 egzije sa jouk nan dat 13 desanm 2011; epi

ALÒSKE, nan dat 16 desanm 2011, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 35, pami lòt bagay yo, pou kontinye sispansyon lwa selon jan Dekrè Egzekitif Nimewo 22 egzije sa jouk nan dat 12 janvye 2012; epi

ALÒSKE, nan dat 11 janvyè 2012, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 37 pou kontinye sispansyon lwa jan Dekrè Egzekitif Nimewo 22 egzije sa a, jouk nan dat 12 fevriye 2012; epi

ALÒSKE, nan dat 14 fevriye 2012, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 39 pou kontinye sispansyon lwa jan Dekrè Egzekitif Nimewo 22 egzije sa a, jouk nan dat 14 mas 2012;

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, akòz otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la, epitou apre mwen te konsidere tout enfòmasyon ak sikonstans enpòtan, mwen mande pou sispansyon dispozisyon lwa, selon jan Dekrè Egzekitif Nimewo 22 egzije sa, dwe kontinye jouk nan dat 14 avril 2012.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan

Vil Albany, nan sèzyèm jou mwa mas

nan ane de mil douz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a